

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis data anu geus didéskripsikeun dina bab saméméhna, hasil tina ieu panalungtikan bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

Undak usuk basa Sunda dipaké dina ragam basa loma jeung ragam basa lemes atawa *hormat* (keur ka batur jeung keur sorangan). Basa lemes atawa *hormat* dipaké lamun urang nyarita bari hayang nétélakeun panghormatan, boh ka diri sorangan (jalma I), boh ka diri batur nu diajak nyarita (jalma II) atawa jalma nu dicaritakeun (jalma III). Nurutkeun satata henteuna antara panyatur, pamiarsa, jeung nu dicaritakeun basa lemes dibagi jadi dua nya éta basa lemes keur sorangan jeung keur batur. Sedengkeun basa loma dipaké lamun jalma kadua jeung jalma katilu tahapanana sahandapaeun jalma kahiji, atawa babaturan nu geus loma pisan. Sakapeung kecap loma ogé dipaké nyarita hareupen balaréa.

Aya hiji hal anu penting pisan dina nulis téks biantara, nya éta sangkan naon-naon nu ditulis ku urang téh kudu bisa kaharti maksudna ku pamiarsa. Kudu aya komuniksai nu nyambung antara anu biantara (panyatur) jeung pamiarsa.

Dina téks biantara anu ditulis ku siswa kelas IX SMP Negeri 3 Lembang, bisa dicindekkeun aya 1.519 kecap undak usuk basa Sunda nu dipaké dina sakabéh téks biantara, nu kabagi jadi 239 kecap loma, 362 kecap lemes keur sorangan, jeung 918 kecap lemes keur batur.

Tina 239 kecap loma nu aya kabagi deui jadi 219 kecap loma nu merenah jeung 20 kecap loma nu teu merenah. Tina 362 kecap lemes keur sorangan, 317

kecap nu merenah jeung 45 kecap nu teu merenah. Tina 918 kecap lemes keur batur, 746 kecap nu merenah jeung 172 nu teu merenah.

Tina hasil data kecap nu aya bisa dicindekkeun kamampuh siswa dina ngalarapkeun kecap loma nepi ka 91,63%, kecap lemes keur sorangan 87,57%, jeung kecap lemes keur batur 81,26%. Jadi, kamampuh ngalarapkeun kecap loma leuwih hadé tibatan ngalarapkeun kecap lemes keur sorangan jeung keur batur. Ieu sabab basa loma geus biasa dipaké siswa dina kahirupan sapopoé upama ngobrol jeung babaturan saumurana.

Kamampuh siswa kelas IX A ngalarapkeun undak usuk basa Sunda dina nulis biantara meunang 84,40%. Dumasar kana patokan ngitung persentase skala lima (Nurgiyantoro, 2001:399) 84,40% asup kana katégori B (alus). Sedengkeun kasalahanna aya 15,60%.

Faktor nu mangaruhan teu mampuhna siswa ngalarapkeun undak usuk basa Sunda di antarana, kusabab pangajaran ngeunaan undak usuk basa Sunda heunteu sacara husus dijéntrékeun dina prosés KBM, faktor katurunan, teu ngabogaan karep pikeun ngagunakeun basa Sunda nu hadé tur merenah, jeung kurangna buku bacaan pikeun ngalegaan pangaweruh kabasaan siswa.

Tina pedaran di luhur bisa dicindekkeun yén kasalahan siswa dina ngalarapkeun undak-usuk basa Sunda leuwih saeutik tibatan nu merenahna. Kasalahan siswa kaasup kénéh lumrah dina kaayaan jaman kiwari, upama nilik tina jumlah persentase nu merenah.

5.2 Rékomendasi

Dipakéna undak usuk basa atawa tatakrama basa Sunda dina komunikasi dipiharep masarakat Sunda hususna bisa silih hormat jeung silih ajénan dina kahirupan sapopoé. Ku kituna undak usuk basa leuwih hadé lamun diterapkeun ka budak tileuleutik kénéh ku kolotna jeung kulawarga (di imah). Salian ti kolot jeung kulawarga, guru ogé ngabogaan kawajiban pikeun nepikeun pangaweruh undak usuk basa Sunda di sakola.

5.2.1 Rékomendasi keur siswa

Siswa nu aya di tatar Sunda kudu ngabogaan karep pikeun ngagunakeun basa Sunda nu bener tur merenah. Salian ti éta siswa ogé bisa nambahan pangaweruh kabasaan hususna undak usuk basa Sunda ku cara réa maca buku nu ngagunakeun basa Sunda.

5.2.2 Rékomendasi keur kolot (di imah)

Unggal kolot nu hususna urang Sunda, nu di imahna boga budak kudu méré conto ka budakna dina ngagunakeun undak usuk basa Sunda nu bener tur merenah ti mimiti budak diajar ngomong, da geuning upami hal nu munggaran biasana sok jadi hiji panginget anu langgeng sanajan engkéna ngagunakeun bahasa nu séjén. Merenah di dieu tangtuna baé kudu ngagunakeun undak usuk basa Sunda nu payus sakumaha kuduna.

Salian ti cara di luhur, kolot bisa ogé némbongkeun buku-buku bacaan basa Sunda nu bisa ngirut ati budak pikeun maca éta bacaan.

5.2.3 Rékomendasi keur guru (di sakola)

Guru salaku *pendidik* di sakola kudu bisa méré pangaweruh ngeunaan undak usuk basa Sunda sacara réngsé nepi ka siswa ngarti jeung bisa ngalarapkeunana. Salian ti éta guru ogé kudu méré conto ngagunakeun undak usuk basa Sunda nu merenah upama dina nyarita sangkan bisa digugu ku nu jadi muridna.

